

Agresyon ak Menas Vyolans - Avi Penalite ak Dispozisyon

KRS 158.1559 egzije yon avi alekri pou tout elèv yo, paran yo, responsab legal elèv yo nan espas dis (10) jou aprè premye jou ansèyman lekòl la sou dispozisyon KRS 508.078 la (Lè yo fè yon krim pou yo fè menas yo dekri kont moun ki asosye ak lekòl la ak moun ki sou pwopriyete lekòl la legalman oswa kont fonksyonman lekòl la). Annakò ak egzijans sa a, yo prezante KRS 508.078 la pi ba a. Tanpri, sonje y ap bay gwo sanksyon pou zak teworis dezyèm degre sa a. Penalite ki posib yo nan ka kondanasyon pou krim Kategori D sa a gen ladan l yon pèn prizon pou pi piti yon (1) ane jiska senk (5) ane, epi yon amann pou pi piti mil dola (\$1,000) jiska dis mil dola (\$10,000) jan yo prevwa sa nan KRS 532.060 ak KRS 534.030, yo chak apa. Anplis, yon tribinal dosye minè ki konn trete akizasyon ki baze sou menas bonm oswa lòt menas kriminèl k ap deranje fonksyonman lekòl la ka egzije timoun nan oswa paran l/l yo pou yo fè yon ranbousman (peye frè yo) bay pati tankou Distri a oswa premye entèvenan yo (KRS 635.060) akòz menas la.

KRS 508.078 (MENAS TEWOWIS, DEZYÈM DEGRE)

1. Yon moun koupab pou menas tewowis dezyèm degre lè l deside yon fason ki diferan ak sa yo bay nan KRS 508.075:
 - a) Konsènan fonksyonman yon lekòl, menas pou fè zak ki lakoz lanmò oswa blesi fizik grav sou gwoup elèv, pwofesè, travayè benevòl oswa anplwaye yon lekòl primè oswa segondè piblik oswa prive, lekòl pwofesyonèl oswa enstitisyon fòmasyon aprè lekòl segondè, oswa nenpòt lòt moun nou ka atann ki nan espas lekòl la legalman oswa nan kad aktivite lekòl la ap fè, si menas la gen rapò ak travay li nan yon lekòl oswa yon travay oswa prezans nan lekòl la, oswa yon fonksyon nan lekòl la. Yon menas yo fè kont youn oswa plizyè moun oswa yon lekòl pa bezwen pou yo idantifye youn oswa plizyè moun, oswa yon lekòl pou yo konsidere li vyole atik sa a;
 - b) Fè fo deklarasyon pa nenpòt mwayen, sa gen ladan l pa mwayen elektwonik nan objektif pou l:
 1. Lakoz evakyasyon nan yon batiman lekòl, yon lokal lekòl oswa yon aktivite lekòl la ap fè;
 2. Lakoz yo anile kou yo nan lekòl la oswa aktivite lekòl la ap fè; oswa
 3. Krete laperèz pou blese elèv yo, paran yo oswa pèsònèl lekòl la grav;
 - c) Fè fo deklarasyon ki fè konnen li mete yon zam ki ka touye plizyè moun yon kote li pa ta dwe ye selon sa yo presize nan KRS 508.075; oswa
 - d) San otorizasyon legal, yo mete yon zam ki ka touye plizyè moun yon kote li pa ta dwe ye selon sa yo presize nan KRS 508.075.

Agresyon ak Menas Vyolans - Avi Penalite ak Dispozisyon**KRS 508.078 (MENAS TEWORIS, DEZYÈM DEGRE) (KONTINYE)**

2. Yo mete yon fo zam ki ka touye plizyè moun anba otorite legal si yo mete l nan kad yon egzèsis fòmasyon ofisyèl yon otorite ap fè, jan yo defini sa nan KRS 522.010.
3. Yon moun p ap koupab pou yon zak nan atik sa a, si l annik kwè enfòmasyon yo se verite yon fason ki inosan, si l fè konnen yon menas lòt moun fè pèsònèl lekòl la, yon ofisye ki la pou met lapè, yon ajans ki la pou aplike lalwa, yon ajans piblik k ap patisipe nan yon entèvansyon ijans, oswa yon pwen referans sekirite piblik epi idantifye moun yo te fè konnen menas la, si yo ka jwenn li.
4. Menas teworis dezyèm degre se yon krim Kategori D.

Siyati Direktè a: _____

Dat: _____